



Pou Piblikasyon Imedya: 11/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 2 MILYON DOLA POU EKSPANSYON PWOGRAM  
DIPLOM APRANTISAJ CUNY KI FÈ SIKSÈ A**

*Bloomberg, Travelers, ak Northwell Health rejwenn ran konpayi prensipal Vil New York yo k ap bay etidyan yo aprantisaj peye*

*Etidyan yo ki nan pwogram aprantisaj la pral resevwa peman, resevwa kredi pou kou ak jwenn eksperyans travay pratik*

*Bati sou ekspansyon pwogram anvan Gouvènè Hochul la nan kad angajman li pou l investè nan pwogram devlopman mendèv la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon investisman 2 milyon dola pou elaji pwogram Aprantisaj Kolejyal Asosye an Syans Aplike (Associates of Applied Science, AAS) nan Inivèsite Eta New York (City University of New York, CUNY) epi ogmante kantite opòtinite aprantisaj pou etidyan yo. Investisman sa a pèmèt CUNY, an patenarya ak New York Jobs CEO Council (Konsèy PDG pou Anplwa nan New York), ajoute anplwayè adisyonèl nan rezo li kounye a k ap bay aprantisaj peye pou etidyan k ap chèche diplòm asosye, ogmante kantite konpayi k ap patisipe yo pou enkli Bloomberg, Travelers, ak Northwell Health. Ekspansyon an baze sou [yon investisman similè](#) eta te fè ane pase a ki te sipòte kreyasyon 12 pwogram aprantisaj ki entegre nan pwogram diplòm pandan ane akademik 2023-2024 la.

"Apranti yo se yon zouti enpòtan pou anpil moun, ki ofri etidyan yo chans pou yo kòmanse karyè yo pandan y ap pouswiv yon diplòm", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè ekspansyon 2 milyon dola sa a, n ap ouvri plis opòtinite aprantisaj pou etidyan CUNY yo epi n ap prepare pwochen jenerasyon Nouyòkè yo pou garanti travay ki byen peye isit la nan eta nou an."

**Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare,** "Nou te deja wè ki jan yon aprantisaj kapab genyen enpak pou yon jèn moun k ap pouswiv yon diplòm dezan, epi kidonk li vrèman jis pou nou ofri menm plis opòtinite sa yo pou etidan nou yo. Kòm yon chemen peye ki mennen nan yon travay ak yon gwo anplwayè, aprantisaj yo ka yon pòt antre dirèk ki mennen yo kote yo vle travay apre kolèj. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li kontinye investè nan etidyan CUNY yo ki pral dirije mendèv alavni New York la, epi nou rekonesan anvè anplwayè yo k ap akeyi etidan nou yo epi k ap rekòlte benefis

yo poutèt o. Dènye agrandisman sa a se yon pati nan efò CUNY ap fè pou pi byen konekte etian nou yo ak mond travay la epi avanse objektif estratejik nou yo pou soutni New York."

Aprantisaj sa yo ap disponib nan sèt kolèj kominotè CUNY ansanm ak College of Staten Island, Medgar Evers College ak New York City College of Technology, o tout [ofri](#) diplòm Asosye an Syans Aplike (AAS). Yon pati entegre nan chemen diplòm lan, aprantisaj peye sa yo pèmèt etidan yo touche nèf kredi pandan y ap travay pou youn oswa de semès pa yon konpayi patnè. Nan fen eksperyans la, entansyon an se pou apranti ki reyisi yo konvèti an anplwaye aplentan. Envestisman an se yon ekspansyon enpòtan nan kantite aprantisaj yo ofri nan Vil New York.

**Direktè Egzekitif New York Jobs CEO Council la, Kiersten Barnet, te deklare,**

"Antanke New York Jobs CEO Council, konpayi manm nou yo pran angajman pou yo retire baryè ki genyen nan pòs nivo debitan yo. Konpayi tankou Bloomberg, Travelers, ak Northwell Health kwè ke modèl aprantisaj yo kreye aksè ekitab nan pòs ki byen peye, pandan y ap sipòte estrateji anbochaj nan debi karyè yo."

Apranti yo ofri atravè ekspansyon kontinyèl sa a pral sipòte plizyè santèn etidyan, pifò ladan yo nan pwogram diplòm AAS yo, pwogram dezan ki fèt pou prepare etidan yo dirèkteman pou antre nan yon karyè apre gradyasyon. An konparezon, lòt diplòm asosye yo tradisyonèlman mennen etidan yo pou yo pase nan yon pwogram lisans.

CUNY te priyorize ekspansyon inisyativ devlopman mendèv pou etidyan ak diplome li yo. Inisyativ sa yo gen ladan patenarya piblik-prive k ap grandi avèk yon envestisman 16 milyon dola nan [Inisyativ Ekonomi Enklizif CUNY](#); fòmasyon etidyan yo pou karyè finansye atravè [Avni CUNY nan Finans](#); epi mete etidyan yo nan sektè piblik ak travay san bi likratif pandan ete a atravè [Lansman Karyè CUNY](#). Rektè Matos Rodríguez kounye a ap sèvi kòm ko-prezidan Gwoup Travay sou Avni Travayè Vil la, Majistra Adams te ba li responsabilite pou li eksplòre fason pou devlope mendèv la, tankou agrandi opòtinite aprantisaj yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)